

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kasadaran masarakat kana pentingna ngamumulé kabudayaan beuki dieu beuki nyirorot, ieu hal katitén tina ayana parobahan pola hirup masarakat modérén. Éta hal tumiba ogé kana éksisténsi budaya Sunda nu kiwari geus teu pati dipaliré. Budaya Sunda dipikawanoh minangka budaya anu ngutamakeun pisan kana kaluhungan tradisina, ti mimiti manusa kakandung, gubrag ka alam dunya, disunatan, nikah, sarta maot. Ieu hal nétélakeun yén budaya Sunda miboga ciri nu tangtu, anu ngabédakeun jeung budaya séjénna.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1985, kc.9) kabudayaan nya éta *keseluruhan gagasan dan karya manusia, yang harus dibiasakannya dengan belajar, beserta keseluruhan dari hasil budi dan karyanya itu*. Salian ti éta Koentjaraningrat ogé (1990, kc.181) nétélakeun : *“kebudayaan berasal dari kata Sanskerta “buddhayah”, yaitu bentuk jamak dari buddhi yang berarti “budi” atau “akal”. Jadi kebudayaan dapat diartikan dengan hal-hal yang bersangkutan dengan akal”*.

Kabudayaan nurutkeun E.B Tylor nya éta:

“Keseluruhan yang kompleks meliputi pengetahuan, kepercayaan, kesenian, hukum, moral, adat dan sebagai kemampuan serta kebiasaan yang diperoleh manusia sebagai anggota masyarakat.”(Warsito, 2012, kc.49).

Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén kabudayaan mangrupa sakabéh gagasan, ide, tindakan sarta hasil karya, rasa, jeung cipta manusa anu aya patalina jeung akal atawa budi pikeun nyumponan kabutuhan sangkan bisa ngahontal kasampurnaan hirup.

Aya tujuh unsur kabudayaan, di antarana : 1) sistem réligi; 2) sistem sosial kamasarakatan; 3) sistem élmu pangaweruh; 4) sistem basa; 5) kasenian; 6) pakasaban; sarta 7) sistem téknologi jeung pakakas hirup manusa (Koentjaraningrat, 1990, kc.205).

Salah sahiji wujud tina kabudayaan nya éta tradisi, tradisi mangrupa adat kabiasaan nu turun tinurun ti karuhun nu masih kénéh dilaksanakeun di masarakat

(Danadibrata, 2009, kc.710). Aya ogé nu nétélakeun yén tradisi mangrupa kecap sipat dina *konteks* nu tangtu, contona musik ptradisional, obat tradisional, alat-alat tradisional jrrd (Liliweri, 2014, kc.98). Tradisi ogé mangrupa warisan seni budaya anu tangtu, kabiasaan atawa kapercayaan anu dilembagakeun sarta dikokolakeun ku masarakat sarta pamaréntah, kabiasaan atawa kapercayaan anu dilembagakeun jeung dikokolakeun ku kelompok agama (Liliweri, 2014, kc. 98). Kitu ogé jeung *Tradisi Kuda Kosong* nu aya di Kabupatén Cianjur nu mangrupa salah sahiji warisan budaya nu diayakeun minangka nembrakeun rasa kabungah sarta rasa syukur ka Allah SWT. Éta tradisi geus jadi ciri has nu sok diayakeun ku masarakat Cianjur dina mapag poé kamerdékaan Indonesia anu katelah *pawéy* Agustusan.

Tradisi Kuda Kosong perlu dijaga tur diriksa, sabab mangrupa bagéan tina usaha ngamumulé ajén budaya bangsa sacara gembheng. Ulikan ngeunaan *Tradisi Kuda Kosong* kungsi dilaksanakeun ku Titin Trisnawati. Hasil panalungtikanana ditepikeun dina Sidang Skripsi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra, Universitas Pendidikan Indonesia, taun 2007.

Sok sanajan objékna sarua, tapi puseur paniténa béda. Dina ieu panalungtikan lian ti nalungtik prak-prakan *Tradisi Kuda Kosong* sacara gembheng, ogé ngeunaan unsur sémiotik, ajén budaya anu nyampak dina *Tradisi Kuda Kosong* jeung patalina kana pangajaran.

Panalungtikan anu ngaguar budaya hiji daérah geus réa ditalungtik ku mahasiswa anu boga minat kana budaya. Ieu di handap baris ditataan judul-judul skripsi ngeunaan budaya :

- 1) *Carita Rahayat dina Tradisi Kuda Kosong jeung Babad Cikundul*, ku Titin Trisnawati taun 2007
- 2) *Ajén Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok Di Désa Kulur Kabupatén Majalengka pikeun Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII*, ku Ida Aridah taun 2013
- 3) *Ajén Budaya dina Kasenian Badogar di Desa Margalaksana Kecamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XI*, ku Ginanjar Muhammad Sukamdi taun 2014

- 4) *Tradisi Ngaruat Lembur di Desa Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)*, ku Wini Widiastuti taun 2014
- 5) *Simbol-simbol anu Nyampak dina Tradisi Nyepuh di Désa Ciamis Kecamatan Panjalu Kabupatén Ciamis*, ku Krisna Amelia taun 2014

Panalungtikan ngeunaan *Tradisi Kuda Kosong* dipiharep bisa méré mangpaat pikeun bahan dina ngajembaran budaya jeung tradisi. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah tur reueus kana tradisi titinggal karuhunna.

Salah sahiji cara ngawanohkeun tradisi karuhun nya éta ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Luyu jeung SKKD SMA kelas XII ngeunaan budaya, SK : *mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan.*

Kompeténsi Dasar (KD) : *membaca artikel tentang budaya.* Lian ti nepikeun informasi, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi pangdeudeul pikeun kaweruh siswa, sangkan siswa apal jeung nyangkem kana *Tradisi Kuda Kosong* tur weruh kana ajén-inajén budaya sarta simbol-simbol anu nyangkaruk dina éta tradisi.

Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII* perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah anu digarap dina ieu panalungtikan, nyoko kana Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII. Ari anu digarapna prak-prakan, ajén budaya, unsur sémiotik, sarta bahan pangajaran nu aya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur.

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap:

- a. Kumaha sajarah tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur?
- b. Kumaha prak-prakanana tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur?
- c. Ajén budaya naon waé anu nyampak di masarakat Cianjur dina helaran *Tradisi Kuda Kosong* ?

- d. Kumaha ulikan sémiotik anu nyampak dina tradisi kuda kosong anu aya di Kabupatén Cianjur nurutkeun kana tiori sémiotik Charles Sanders Peirce?
- e. Kumaha larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi kuda kosong pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan di antarana:

1.3.1 Tujuan Umum Panalungtikan

Tujuan Umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawanohkeun, ngadéskripsikeun, jeung méré informasi ngeunaan *Tradisi Kuda Kosong* anu aya di Kabupatén Cianjur, sarta wujud tarékah pikeun ngamumulé budaya anu sumebar di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus Panalungtikan

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré informasi jeung ngadéskripsikeun Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur.

- a. Sajarah ayana tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur;
- b. Runtuyan sarta prak-prakan helaran tradisi kuda kosong nu aya di Kabupatén Cianjur;
- c. Ajén budaya di masarakat Cianjur anu nyampak dina helaran tradisi kuda kosong;
- d. Ulikan sémiotik nu nyampak dina tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur nurutkeun kana tiori Charles Sanders Pierce;
- e. Larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi kuda kosong pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA Kelas XII

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi 2 nya éta mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep mangpaat sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal kabudayaan jeung basa, hususna ngeunaan *Tradisi*

Kuda Kosong dina pangajaran maca basa Sunda, ogé bisa méré pangaweruh ngeunaan tradisi kuda kosong utamana ngeunaan ulikan sémiotikna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis, nya éta jadi sumber informasi sarta jadi pangdeudeul pikeun studi di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, siswa atawa mahasiswa, guru, sarta jadi bahan bacaan pikeun masarakat umum nu miboga kapentingan kana ieu panalungtikan.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana tradisi lokal anu aya di masarakat Sunda salah sahijina nya éta *Tradisi Kuda Kosong*, sangkan bisa ancrub langsung dina usaha ngariksa budaya Sunda;
- b. Pikeun masarakat Cianjur, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kareueus kana budaya anu dipimilikna, nya éta *Tradisi Kuda Kosong*;
- c. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di SMA Kelas XII
- d. Pikeun siswa, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda. Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarjong usaha ngariksa budaya Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan. Sanggeus data dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga tulisanana kabagi jadi lima bab, saperti ieu di handap.

Bab I bubuka anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ngeunaan tiori anu ngawengku kabudayaan, ajén budaya, tradisi, sémiotika, jeung bahan pangajaran.

Bab III anu eusina ngawengku desain, métode, sumber data, instrumén panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII (Ulikan Sémiotik).

Bab V kacindekan jeung saran, salaku bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu skripsi. Dina ieu bab ngawengku kacindekan jeung rékoméndasi.